

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Kegiatan paguneman baris lumangsung saupama aya omongan antara dua panyatur atawa leuwih. Dina hiji kegiatan paguneman, aya kalana panyatur kurang engeuh kana giliran nyaritana. Antukna, omongan nu dihasilkeun pagedrug saperti dua monolog. Poole (1993, kc. 25) nyebutkeun yén dua monolog nu pagedrug hamo ngahasilkeun hiji dialog.

Pagedrugna dua omongan atawa leuwih baris ngabalukarkeun ayana panyelang kana caritaan salasahiji panyatur. Panyelang saperti kitu tangtu baris motong omongan panyatur séjénna. Ieu kegiatan salasahijina kagambarkeun dina kegiatan paguneman acara tipi.

Kungsi muncul warta di masarakat nu nyebutkeun yén Najwa Shihab salaku panumbu catur acara “Mata Najwa” dicap resep motong omongan pangjejerna. Sakumaha katitén dina episode “100 Hari Anies-Sandi,” panyelang ti Najwa antukna dirésponsi ku Anies kalawan ungkara saperti kieu, “*Habis motong-motong terus sih!*” (Hidayat, 2018). Gaya Najwa Shihab saperti kitu disawang minangka panyelang kurang étis salaku jurnalis. Sarnoff (dina Sandy, 2018) nyebutkeun yén panumbu catur dipahing motong omongan pangjejer iwal éta omongan téh lila teuing, pikaboseneun, atawa méngpar tina jejer acara.

Istilah panyelang atawa kegiatan motong omongan batur miboga harti nu sipatna négatif. Istilah nu bisa dianggap leuwih positif nyaéta interupsi. Panyatur (kaasup panumbu catur) sakurang-kurangna kudu merhatikeun opat cara dina nepikeun interupsi: (1) ménta idin saméméh interupsi; (2) ménta hampura lantaran rék interupsi; (3) ngajukeun interupsi luyu jeung jejer; sarta (4) ngayakeun kasapukan interupsi ti awal paguneman (Mustofa, 2017).

Aya sawatara kekecapan has dina paguneman nu nyilokakeun panojo ka mitra tutur. Carlson (1998, kc. 92) nyebutkeun yén kekecapan saperti “Enya, enya, lah!” atawa “Urang gé apal!” miboga ma’na nyedek ka mitra tutur supaya geura-geura nganggeuskeun kalimahna.

Modél komunikasi saperti kitu téh sipatna déstruktif nu engkéna ngabalukarkeun ayana kritik kana pamadegan batur kalawan tapsiran nu salah. Panyatur nu kurang paham kana pakem-pakem atawa patokan dina paguneman baris ngabalukarkeun gagalna kagiatan réspónsi. Éta hal satuluyna baris nyababkeun mitra tutur haben nyarita tanpa maliré giliran batur (Morissan, 2013, kc. 244). Ku kituna, panyatur diperedih pikeun nohonan tata aturan atawa kaédah paguneman. Nalika kaédah paguneman dicumponan, mangka karakter komunikatif (luyu jeung harepan Kemendiknas dina 18 *Nilai Pendidikan Karakter*) bisa tetep kahontal. Kagiatan désktruktif saperti motong omongan mitra tutur sakuduna teu dibiasakeun atawa diantepkeun. Éta kagiatan téh engkéna bisa jadi kabiasaan négatif tur kurang étis.

Dumasar kana éta hal, mangka dina ieu panalungtikan salasahijina digunakeun tiori *adjacency pairs* (nu satuluyna disebut penggelan pasangan paguneman (Sudaryat, 2016, kc. 78) ti Richards jeung Schmidt (2002, kc. 11-12) nu ngawengku dalapan wangun pasangan paguneman: pasangan salam, pananya-jawaban, paménta-panyatuju, paménta-panolak, tawaran-panarimaan, tawaran-panolak, panyawad-paménta hampura, jeung panyawad-pamungkir. Ieu tiori disawang mampuh pikeun méré pamahaman ngeunaan pola atawa kodeu nu ilahar dipaké dina lumangsungna hiji paguneman. Upamana aya panyatur nu ngedalkeun salam, tangtu ilaharna pamiarsa ngarésponsi éta omongan ku kedaling salam deui. Sanajan kitu, dina larapanana di masarakat majemuk, bisa jadi aya pasangan-pasangan paguneman di saluareun pola nu diébréhkeun ku Richards jeung Schmidt.

Wangun penggelan pasangan katitén dina paguneman acara “Milang Béntang” AKTV. “Milang Béntang” mangrupa program acara *talk show* nu mimiti muncul taun 2017 di stasiun AKTV. Midang unggal Saptu, ti jam 19.30 – 21.00 WIB. Dina ieu acara dipidangkeun kawih jeung tembang populér, profil seniman, sarta préstasi-préstasi para praktisi pop Sunda. Salasahiji penggelan pagunemanana katitén dina épisode “*Pra-Event Béntang Pilihan II*” nu midang 8 Séptémber 2018.

Rika : “Hai, itu nu jangkung nu saha?”  
 Tika : “Oh, haha!”  
 Rika : “Tah, kitu. Hahaha! Iya.”  
 Maliq : “Punten, aduh.”

Kontéks situasi tina éta sempalan paguneman téh nyaéta Maliq salaku salasihiji pangjejer teu ngahaja diuk dina korsi Rika Rafika. Éta sempalan paguneman téh ngawujud minangka wangun pasangan panyawad-paménta hampura. Kedaling panyawad katitén tina omongan kahiji Rika Rafika. Ari kedaling paménta hampura minangka pasangan pagunemanana katitén tina omongan Maliq nu ditandaan ku kecap “punten”.

Panalungtikan ngeunaan wacana paguneman geus kungsi aya saméméhna. Di antarana (1) panalungtikan Mustofa (2010) nu judulna “*Analisis Wacana Percakapan Debat TV One*” jeung (2) panalungtikan Rauf (2017) nu judulna “*Analisis Wacana Percakapan Mata Najwa Metro TV.*” Sacara gurat badag, dina panalungtikan Mustofa (2010) dipedar perkara ciri husus giliran nyarita, kedaling tina opat puluh penggelan pasangan paguneman dina “Debat” TV One nu didominasi ku pasangan pananya-jawaban, sarta maksud tina ayana omongan-omongan nu pagedrug (*overlap*). Ari dina panalungtikan Rauf (2017) dipedar perkara pindahna giliran nyarita jeung kedaling tina 38 penggelan pasangan paguneman dina acara “Mata Najwa” Metro TV nu didominasi ku pasangan pananya-jawaban.

Najan méh sarua jeung panalungtikan saméméhna, nyaéta ngeunaan komponén wacana paguneman, tapi ieu panalungtikan aya bédana. Dina ieu panalungtikan jejer nu baris ditalungtik nyaéta penggelan pasangan, pola interaksi panyatur, jeung pananda giliran nyarita dina paguneman basa Sunda. Béda perkarana jeung panalungtikan nu kahiji. Panalungtikan Mustofa (2010) leuwih nyoko kana wangun penggelan pasangan paguneman nu muncul dina pagunemanana, kitu deui dina panalungtikan kadua. Dadasar tiori penggelan pasangan nu dijadikeun rujukan panalungtikan kahiji jeung kadua teu disebutkeun kalawan éksplisit. Upamana dina panalungtikan Mustofa (2010), dilarapkeun gabungan konsép pasangan paguneman ti sababaraha tiori. Antukna, rujukan panalungtikanana jadi kurang jelas tur fokus.

Satuluyna, dina panalungtikan saméméhna ukur dipedar perkara penggelan pasangan paguneman jeung giliran nyarita wungkul tanpa dipatalikeun kana pola interaksi panyatur nu mangrupa salasihiji komponén dina paguneman. Pola interaksi panyatur mangrupa komponén nu nangtukeun sipat rantayan tina kedaling lisan antara panyatur jeung mitra tuturna.

Dumasar kana kasang tukang nu didadarkeun, panalungtikan nu judulna “Adegan Wacana Paguneman dina Acara ‘Milang Béntang’ AKTV (Tilikan Pragmatik)” masih perlu dilaksanakeun. Ieu panalungtikan dipiharep mampuh jadi hiji tarékah pikeun ngajembaran pangaweruh patali jeung kaédah-kaédah nu kudu diéstokeun dina kagiatan paguneman.

## 1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Adegan hiji paguneman sakurang-kurangna kudu ngawengku sapuluh komponén. Éta sapuluh komponén téh nyaéta (1) unsur gawé bareng dina paguneman, (2) polah ucap, (3) penggelan pasangan paguneman, (3) bubuka jeung panutup paguneman, (5) paguneman panuluy, (6) sipat rantayan paripolah, (7) unsur tata basa paguneman, (8) alih kodeu, (9) giliran nyarita, jeung (10) topik paguneman (Ulfa, 2017, kc. 18).

Dumasar kana tinimbangan waktu panalungtikan, ambahan ieu panalungtikan diwatesanan. Dina ieu panalungtikan diidentifikasi tilu komponén paguneman nyaéta penggelan pasangan, pola interaksi panyatur, sarta pananda giliran nyarita dina paguneman acara “Milang Béntang” AKTV.

Penggelan pasangan dina ieu paguneman nyoko kana wangun pasangan antara panyatur jeung lawan tutur. Pola interaksi panyatur dina ieu panalungtikan nyoko kana sipat rantayan paripolah panyatur dina hiji paguneman nu ngawengku rantayan ngaranté jeung rantayan meulit. Ari pananda giliran nyarita nyoko kana ungkara-ungkara nu dijadikeun pananda tutukeuran atawa bagantina giliran nyarita antara panyatur jeung mitra tutur. Tina éta idéntifikasi, dirumuskeun masalah saperti ieu di handap.

- a. Kumaha wangun penggelan pasangan dina paguneman acara “Milang Béntang” AKTV?
- b. Kumaha pola interaksi panyatur dina paguneman acara “Milang Béntang” AKTV?
- c. Kumaha wangun pananda distribusi giliran nyarita dina paguneman acara “Milang Béntang” AKTV?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis wacana paguneman dina acara “Milang Béntang” AKTV, dina raraga ngeuyeuban pangaweruh dina paélmuan pragmatik.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun:

- a. wangun pengeluaran pasangan dina paguneman acara “Milang Béntang” AKTV;
- b. pola interaksi panyatur dina paguneman acara “Milang Béntang” AKTV; jeung
- c. wangun pananda distribusi giliran nyarita dina paguneman acara “Milang Béntang” AKTV.

### **1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat tioritis tina hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi média pikeun ngungkab pengeluaran pasangan, pola interaksi panyatur, sarta pananda giliran nyarita, hususna dina paguneman acara “Milang Béntang” AKTV. Lian ti éta, hasil panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh dina paélmuan pragmatik.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kabasaan, utamana ngeunaan wangun pengeluaran pasangan paguneman, pola interaksi panyatur, sarta giliran nyarita dina paguneman.
- b. Pikeun nu maca, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun référénsi bacaan pikeun kaweruhna ngeunaan élmu kabasaan (utamana perkara wacana paguneman) jeung panalungtikan ilmiah.

## 1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab. Bab I Bubuka. Dina ieu bab dipedar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat/signifikansi panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori Wacana Paguneman, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Ieu bab eusina ulikan tiori nu aya dina panalungtikan jeung kalungguhan tioritis panalungtikan. Tiori nu dipedar dina ieu bab nyaéta tiori pragmatika wacana jeung komponén dina hiji adegan wacana paguneman.

Bab III Méthode Panalungtikan. Ieu bab mangrupa dadasar pikeun nyusun bab IV, lantaran bab IV kudu disusun kalayan dadasar atawa stratégi pikeun ngaréngsékeun pasualan nu ditalungtik. Dina bab III dipedar désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data hasil panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Ieu bab mangrupa bagian inti panalungtikan. Dina ieu bab didéskripskeun hasil panalungtikan nu satuluyna dipedar sacara gembleng hasil analisis datana.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi. Ieu bab mangrupa bagian panutup panalungtikan. Dina ieu bab dipedar kacindekan, implikasi (larapan), jeung rékoméndasi panalungtikan. Bagian rékoméndasi mangrupa sawangan jeung harepan pikeun lajuning laku ieu panalungtikan ka hareupna.